EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 8.165
www.in-academy.uz




# THE IMPORTANCE OF TEACHING MUSIC IN THE PRIMARY GRADES OF COMPREHENSIVE SECONDARY SCHOOLS

**Bekbauliyeva Feruza Majit qizi**
Student of the Bachelor's degree in Music Education at the Ajinyoz National Institute of Secondary Education
https://doi.org/10.5281/zenodo.15193127

**ARTICLE INFO**
Received: 05th April 2025
Accepted: 10th April 2025
Online: 11th April 2025
**KEYWORDS**
*Music, methodology, education, educational and upbringing, innovative technology, folk songs.*

**ABSTRACT**
*The article discusses the important tasks of teaching music in the primary grades of secondary schools. The educational significance of our national songs preserved among the people and their distribution among young people are widely analyzed.*

# ВАЖНОСТЬ ПРЕПОДАВАНИЯ МУЗЫКИ В НАЧАЛЬНЫХ КЛАССАХ ОБЩЕЙ СРЕДНЕЙ ШКОЛЫ

**Бекбаулиева Феруза Мажитовна**
НДПИ имени Ажинияза студентка бакалавра музыкального образования
https://doi.org/10.5281/zenodo.15193127

**ARTICLE INFO**
Received: 05th April 2025
Accepted: 10th April 2025
Online: 11th April 2025
**KEYWORDS**
*Музыка, методика, воспитание, воспитание, инновационные технологии, народные песни.*

**ABSTRACT**
*В статье говорится о важных задачах обучения музыке в начальных классах общеобразовательной средней школы. Подробно проанализировано воспитательное значение наших национальных песен, сохранившихся в народе, и их распространение среди молодежи.*

# UMUMIY O‘RTA TA’LIM MAKTABLARINING BOSHLANG‘ICH SINFLARIDA MUSIQA FANINI O‘QITISH AHAMIYATI

**Bekbauliyeva Feruza Majit qizi**
Ajiniyoz nomidagi NDPI Musiqa ta’limi bakalavr ta’lim yo‘nalishi talabasi
https://doi.org/10.5281/zenodo.15193127

**ARTICLE INFO**
Received: 05th April 2025
Accepted: 10th April 2025
Online: 11th April 2025
**KEYWORDS**
*Musiqa, metodika, ta’lim, ta’lim-tarbiya, innovatsion texnologiya, xalq*

**ABSTRACT**
*Maqolada umumiy o‘rta ta’lim maktablarining boshlang‘ich sinflarida musiqa fanini o‘qitishning muhim vazifalari haqida so‘z yuritilgan. Xalq orasida saqlanib qolgan milliy qo‘shiqlarimizning tarbiyaviy ahamiyati, yoshlar orasida tarqalishi keng tarzda tahlil qilingan.*

*qo'shiqlari.*

# ULÍWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEPLERINIŃ BASLAWÍSH KLASLARÍNDA MUZÍKA PÁNIN OQÍTÍWDÍŃ ÁHMIYETI

**Bekbaulieva Feruza Majit qızı**
Ájiniyaz atındaǵı NMPI Muzıka tálim bakalavr tálim baǵdarı talabası
https://doi.org/10.5281/zenodo.15193127

ARTICLE INFO
Received: 05th April 2025
Accepted: 10th April 2025
Online: 11th April 2025
KEYWORDS
*Muzıka, metodika, bilimlendiriw, tálim-tárbiya, innovacion texnologiya, xalıq qosıqları.*

ABSTRACT
*Maqalada ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń baslawısh klaslarında muzıka pánin oqıtıwdıń áhmiyetli wazıypaları haqqında sóz etilgen. Xalıq arasında saqlanıp qalınǵan milliy qosıqlarımızdıń tárbiyalıq áhmiyeti, jaslar ortasında tarqalıwı keń túrde analiz etilgen.*

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń muzıkalıq talǵamın qáliplestiriwde muzıkanı sanalı túrde ańlaw názerde tutıladı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde alıp barılatuǵın barlıq muzıkalıq tárbiyalıq jumıslar balalarda baqsha jasınan baslap ullı pazıyletlerdi qáliplestiriwge qaratılǵan. Balalar baqshalarında ámelge asırılatuǵın tárbiyalıq jumıslar jas áwladtı ruwxıy jaqtan jetik, bárkamal insan bolıp kamalǵa keliwinde xızmet etedi. Muzıka shınıǵıwlar procesinde kishkeneler turmıslıq haqıyqatlıqtı muzıkalıq obrazlar arqalı kórsetedi, ańlap baradı. Olardıń jasına say muzıkalıq shıǵarmalar tárbiyalanıwshılarda umıtılmas bolıp esaplanadı, tásirler qaldıradı, ruwxıy dúnyasın bayıtadı. Balalar baqshasında ámelge asırıladı.

Búgingi bilimlendiriw tarawında jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanǵan halda sabaq ótiw dáwir talabı bolıp tur. Sonıń ushın da házirgi aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardıń biri klaster metodı pedagogikalıq, didaktikalıq strategiyanıń belgili bir forması bolıp, ol oqıwshılarǵa ıqtıyarlı máseleler jóninde erkin, ashıq oylaw hám jeke pikirlerin biymálel bayan etiw ushın sharayat jaratıp beredi [1.90]. Búgingi kúni qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵında klaster metodı tiykarında sabaq ótiw áhmiyetli wazıypalardıń biri. Biz usı kurs jumısımızda Berdaq poeziyasınıń tematikalıq ózgesheliklerin klaster usılında oqıtıw metodikasın úyreniw aktaual máselelerdiń biri bolıp tabıladı.

Jetik sawatlı bilim beriw negizi - mektep. Al? sóz mekteptegi puxta, sapalı bilim haqqında barar eken, áńgimemiz álbette, mektep sabaqlıqlarınıń sapası jónine barıp taqaladı. Mektep sabaqlıqlarınıń mámleketlik bilim standartlarına sáykes ayırım halatlardı esapqa almaǵanda, hár tórt jılda tolıqtırılıp, jańalanıp, qayta basılıwı birneshe jıllardan beri dástúrli process bolıp kiyatır. Bul process sol dáwir aralıǵında ilimge engizilgen jańalıqlardı turmısqa endiriw hám bilimlendiriw sapasın jetilistiriwdi kózde tutadı.

Jas áwladta ilimiy dúńya qarastı payda etiw barlıq dáwirlerde millettiń aldıńǵı adamlarınıń dıqqat itibarında bolıp kelgen. Adamzat basınan keshirgen dáwirlerde oqımıslı, zıyalı, bilimli adamlar dúńya ilim pánine ulıwma-insanıy mádeniyatına salmaqlı

úles qosqan. Bilim- tábiyat, jámiyet hám sananıń nızamlılıqları haqqındağı ilimiy túsiniklerdiń ayqın hám sistemalastırılğan jıynağı. Bilim ilimiy dúńyaqarastıń tiykarı bolıp tabıladı. Bilim alıw álbette, jas waqıtlardan baslanadı. "Jaslıqta alınğan ilim tasqa oyılğan nağıs",- deydi dana xalqımız. Tasqa oyılğan nağıs hesh waqıtta óshpeydi, jaslıqta alınğan ilim ómirlikke insandı qollap quwatlaydı. Bilimli adam hesh qashan tariyx betlerinen, xalqımızdıń qálbinen óshpeydi. İlim-bilim bul hár bir adamnıń aldına qoyğan maqsetine erisiwinde bekkem kópir bolıp tabıladı. İlimsiz, bilimsiz, miynetsiz aldımızğa qoyğan maqsetimizge, keleshektegi arzıw-ármanlarımızğa erise almaymız.

Búgingi kúnde ğárezsiz rawajlanıw jolınan baratırğan mámleketimizdiń úzliksiz bilimlendiriw sistemasın keń jaydırıw, jańa sıpat basqıshına kóteriw, oğan aldıńğı pedagogikalıq hám axborot texnologiyaların engiziw hám bilimlendiriwdiń nátiyjeliligin asırıw mámleket dárejesine kóterildi. Dúńyanıń tez pát penen globallasıp rawajlanıp baratırğanlığı ayrıqsha axborot áleminiń keńnen en jayıp baratırğanlığı basqa tarawlar sıyaqlı tálim-tárbiya procesine de óz tásirin tiygizbekte. Globallasıw dáwiriniń internetke uqsas eń tez hám nátiyjeli quralları jaslardı ózine sonshelli tarta aldı, nátiyjede, bilimlendiriw orınlarındağı ápiwayı hám awızeki sabaqlardı tez pát penen innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalar menen jedellestiriw zárúrliligin kún tártibiniń eń áhmiyetli wazıypasına aylandırdı. Atap aytqanda, ulıwma bilim beriw mekteplerinde alıp barılıp atırğan hár bir sabaq eń jaqsı pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında shólkemlestiriw oqıtıw nátiyjeliligin sezilerli dárejede ósiwine alıp kelmekte.

Milliy mádeniyatımız hám kórkem ónerdiń rawajlanıwı xalqımızdıń sanasınıń qay dárejede ekenligin belgilep beriwi bárshemizge belgili. Muzıka tarawınıń ázeliy qádiriyatlarınan zamanagóylik ólshemlerine bolğan processler tek ğana namalarda mórlengen biytákirar shığarmalardan ğana kóriw múmkinligin esapqa alsaq, túrkiy xalıqlar, sonıń ishinde, ózbek hám qaraqalpaq xalıqlarınıń muzıka tariyxın úyreniw máselesi aktual máselelerden esaplanadı.

Muzıka tariyxı júdá qızıq tarawlardıń biri bolıwı menen birge, júdá quramalı taraw. Óytkeni xalıqtıń sanasın, onıń rawajlanğanlıq dárejesin anıqlap beriwshi bul taraw tek bir bağdar da emes, bir neshe tarawda óziniń sáwlesine iye. Olardan biri kórkem óner tarawı bolsa, ekinshi tárepten xalqımızdıń ilim-bilimdegi rawajlanıw bağdarlarında belgilep beredi.

Joqarıdağı pikirlerdi esapqa alatuğın bolsaq, muzıka tariyxı búgingi kúnimizge shekem tolıq izertlenip bolındı, dep qaraw orınsız. Sebebi, xalıq ómir súrer eken ol jerde kórkem óner, mádeniyat joqarı shıńlarğa qaray órley beredi. Kórkem ónerdiń bul túri ádebiyat penen tığız baylanıslı túrde úyrenilse maqsetke muwapıq boladı. Shayırlar tárepinen tereń lirizm menen qağaz betlerine túsken estetikalıq sezimlerdiń insan kewline qonımlı hám biytákirar bolıp jetiwinde muzıkanıń sırlı notalarınıń ornı girewli. Hárbir xalıqtıń óziniń mánawiyatı, ağartıwshılığı, estetikası bolıp, turmıs degen processte milliy hám sheberlik faktorları menen suwğarıp kelingen. Bunıń negizinde eki úlken pikir bağdarları, yağnıy xalıq ğalaba muzıkanıń hám oylawdıń individual dóretiwshilik qatnasıqlarınıń ornı hám bahası joqarı.

Juwmaqlap aytqanda, ulıwma qaraqalpaq muzıkaların, ulıwma muzıka mádeniyatın jas áwladqa túsindirgende xalıq ómirin biliwde, ádebiy tilimizdi kórkeytiwde, áwladlardı tárbiyalawda tutqan ornı júdá hám úlken. Biziń xalqımız muzıka hám saz-sáwbetke oğada bay xalıq. Qaraqalpaq folklorınıń úlken bir bólimin xalıq qosıqları qurawı sózimizdiń dálili. Ol

tomlıq kópshiliktiń úyinde derlik joq, hámme alıp ta oqıy almaydı. Tomlıqtaǵı xalıq qosıqların bólip-bólip sabaqlıqlarǵa kiritilse qansha mıńlaǵan oqıwshı sol esitpegen qosıqları menen tanıs bolar edi. Kúndelikli turmısımızda aytılıp júzgen muzıkalarımızdı taba aladı da, biraq, ele esitip kórmegen qosıqlardı tabıwǵa qıynaladı. Sebebi, onı hesh jerde esitpegen. Tek ǵana tomlıǵımızda qalıp ketip atır. Milliy qosıqlarımız balanıń oy-órisin ósiredi, tárbiyasın asıradı. Sonıń ushın da, dana ata-babalarımızdan bizge miyras bolıp qalǵan xalıq danalıǵı bolǵan folklordıń úlken bir bólimi qosıqlarımızdı óz sóz baylıǵımızǵa qosıp aytıwǵa, keleshek áwladlarǵa jetkerip beriwge háreket eteyik!

## References:

1. Акрамова Ф.А., Очилова Г.О. Педагогика, Психология, Тошкент:- «ФАН», 2007.
2. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. V том. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары. –Нөкис. Қарақалпақстан, 1980.– 467 Б.
3. Nadirova A. Qaraqalpaq muzıka tariyxı. Tashkent: Sano-standart, 2018. – 384 b.
4. Jabborov A., Begmatov S., Azamova M.. O‘zbek musiqasi tarixi. —Toshkent: Fan va texuologiya, 2018. – 384 b.
5. Sarsenbayev, K. (2024). THE IMPORTANCE OF T. QAYPBERGENOV'S STORIES IN THE RESEARCH AND DEVELOPMENT OF THE KARAKALPAK PROSE. *Models and methods in modern science*, *3*(6), 88-93.
6. Sarsenbayev, K. (2024). DESCRIPTION OF HUMAN DESTINY IN THE SHORT STORIES OF T. QAYIPBERGENOV (" SLEEPLESS NIGHTS"," SECRETS KNOWN TO YOU ALONE"). *Solution of social problems in management and economy*, *3*(4), 154-155.